



Pou Piblikasyon Imedya: 16/06/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KE YO AP ÒGANIZE CHANPYONA U.S. OPEN LAN SAN FANATIK YO SOTI 31 OUT RIVE 13 SEPTANM

Li anonse ke yo otorize lopital yo ak kay gwoup yo kounye pou aksepte vizitè yo.

Ekspè nan sante piblik mondyal te bay apwobasyon pou Rejyon Kapital antre nan faz twa demen

Rezilta etid sou tèl antikò yo nan tout Eta a montre ke 13.4 pousan popilasyon an genyen antikò pou COVID-19

Eta a te reyalize plis pase twa milyon tèl COVID-19 jiska prezan

Sèlman 1.05 pousan tèl pou COVID-19 yè yo te pozitif

Konfime 631 ka kowonaviris anplis nan Eta New York - sa ki fè total la nan tout Eta a rive 384,575; Nouvo ka nan 38 Konte

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke yo pral òganize chanpyona U.S. Open lan nan Queens san fanatik soti 31 out rive 13 septanm. Federasyon Tennis Etazini (US Tennis Association, USTA) an pral pran prekosyon pou pwoteje jwè yo ak pèsonèl yo, gen ladan tèl solid, netwayaj anplis, espas vestyè anplis ak lojman ak transpò ki rezève.

Gouvènè Cuomo te anonse tou ke yo pral otorize lopital yo ak kay gwoup yo pou aksepte vizitè yo selon chwa pa yo. Nenpòt etablisman ki chwazi pou otorize vizitè yo dwe swiv enstriksyon Eta a, gen ladan vizit ki pa long epi egzije vizitè yo pote Ekipman pou Pwoteksyon Pèsonèl (Personal Protective Equipment, PPE) epi pou yo sijè ak verifikasyon pou tanperati ak sentòm yo. Pwogram vizit lopital la etann sou baz yon pwogram pilòt ke nou te lanse an me a, ki te montre ke lopital yo ta kapab pèmèt vizit san danje pou pasyan ak fanmi yo. Lopital yo nan tout Eta a pral kapab kounye a pèmèt vizit. Kay gwoup ke Biwo pou Moun Ki Gen Andikap Devlopmantral (Office for People with Developmental Disabilities, OPWDD) NYS la sètifye yo pral otorize pou aksepte vizit apati vandredi depi yo respekte enstriksyon Eta a epi yo sètifye konfòm ak OPWDD a avan yo komanse vizit yo. Entèdiksyon pou vizitè nan mezon retrèt yo rete an vigè pandan Depatman Sante (Department of Health) Eta a ap kontinye revizyon yo.

Gouvènè a te anonse ekspè sante piblik mondyal yo te bay apwobasyon pou Rejyon Kapital la antre nan Faz Twa a demen, 17 jen an. Enstriksyon pou biznis sou faz twa nan plan re-ouvèti Eta a disponib [isit la](#).

"Mwen sitèlman fyè pou sa moun Eta a te fè pou bat viris sa a. Chif yo sanble yo trè bon, epi jodi a nou kontan anpil pou anonse ke yo pral òganize Chanpyona U.S. Open lan nan Queens san fanatik yo nan mwa out la", **Gouvènè Cuomo te deklare**. "Nou dwe rete vijilan epi USTA a ap pran tout prekosyon nesèsè avèk jwè ak pèsònèl yo, men se yon jou pasyonan pou Eta a."

Mike Dowse, ki se Ofisyè Egzekitif an Chèf ak Direktè Egzekitif USTA, te di, "Nou kontan anpil dèske Gouvènè Cuomo ak Eta New York te apwouve plan nou an pou òganize chanpyona US Open ane 2020 an ak 2020 Western & Southern Open nan Sant Tenis Nasyonal Billie Jean King USTA (USTA Billie Jean King National Tennis Center) a. Nou rekonèt gwo responsabiltè a nan òganize youn nan premye evènman espòtif mondyal yo nan epòk difisil sa yo, epi nou pral fè sa nan fason ki plis an sekirite posib, nan redwi tout risk potansyèl yo. Nou kapab bay fanatik yo nan tout monn lan chans pou gade pi gwo atlèt tenis yo nan konpetisyon pou yon tit US Open, epi nou kapap prezante tenis kòm espò distans sosyal ki ideyal la. Dèske nou kapab òganize evènman sa yo an 2020 se yon ankourajman pou Vil New York ak tout peyizaj tenis lan".

Gouvènè a te deklare ke Eta a te reyalize plis pase twa milyon tès COVID-19 jiska prezan.

Sou 60,568 tès yo te reyalize nan Eta New York yè, sèlman 631, oswa 1.05 pousan, te pozitif. Pousantaj tès pozitif chak rejyon yo pandan twa dènye jou yo se konsa:

| REJYON | SAMDI | DIMANCH | LENDI |
|-------------------------|-------|---------|-------|
| New York City | 1.40% | 1.30% | 1.20% |
| Capital Region | 0.60% | 0.70% | 0.70% |
| Central New York | 0.60% | 1.30% | 1.40% |
| Finger Lakes | 0.90% | 0.40% | 0.60% |
| Long Island | 0.90% | 0.90% | 1.00% |
| Hudson Valley | 1.00% | 1.00% | 1.00% |
| Mohawk Valley | 1.40% | 0.70% | 1.40% |
| North Country | 0.20% | 0.00% | 0.20% |
| Southern Tier | 0.40% | 0.50% | 0.20% |
| Western New York | 1.10% | 1.40% | 1.00% |

Gouvènè a te anonse tou rezilta sondaj tès antikò Eta a sou 12,000 moun nan tout Eta a pandan yon peryòd sis semèn. Rezilta yo montre ke 13.4 pousan nan popilasyon an genyen antikò pou COVID-19, konpare ak 12.3 pousan ki te teste pozitif pou antikò COVID-19 pandan yon etid sou tès antikò yo nan tout Eta a apati premye me.

Gouvènè a te konfime tou 631 lòt ka nouvo kowonaviris, sa ki bay yon total 384,575 ka konfime nan Eta New York. Nan total 384,575 moun tè s yo te pozitif pou viris la, repatisyon jewografik yo se konsa:

| Konte | Total Pozitif | Nouvo Pozitif |
|--------------|----------------------|----------------------|
| Albany | 2,026 | 4 |
| Allegany | 55 | 0 |
| Broome | 656 | 1 |
| Cattaraugus | 107 | 1 |
| Cayuga | 106 | 0 |
| Chautauqua | 108 | 1 |
| Chemung | 138 | 0 |
| Chenango | 139 | 1 |
| Clinton | 99 | 1 |
| Columbia | 442 | 3 |
| Cortland | 42 | 0 |
| Delaware | 88 | 0 |
| Dutchess | 4,075 | 7 |
| Erie | 6,852 | 35 |
| Essex | 40 | 0 |
| Franklin | 25 | 0 |
| Fulton | 236 | 1 |
| Genesee | 213 | 0 |
| Greene | 252 | 1 |
| Hamilton | 6 | 0 |
| Herkimer | 128 | 0 |
| Jefferson | 81 | 0 |
| Lewis | 20 | 0 |
| Livingston | 123 | 0 |
| Madison | 336 | 1 |
| Monroe | 3,402 | 22 |
| Montgomery | 104 | 0 |
| Nassau | 41,290 | 50 |
| Niagara | 1,171 | 2 |
| NYC | 21,0591 | 332 |
| Oneida | 1,301 | 21 |
| Onondaga | 2,545 | 14 |
| Ontario | 234 | 1 |

| | | |
|--------------|--------|----|
| Orange | 10,580 | 7 |
| Orleans | 268 | 0 |
| Oswego | 139 | 13 |
| Otsego | 81 | 1 |
| Putnam | 1,292 | 1 |
| Rensselaer | 514 | 0 |
| Rockland | 13,460 | 19 |
| Saratoga | 522 | 5 |
| Schenectady | 735 | 3 |
| Schoharie | 54 | 0 |
| Schuyler | 12 | 0 |
| Seneca | 64 | 0 |
| St. Lawrence | 215 | 0 |
| Steuben | 257 | 1 |
| Suffolk | 40,738 | 46 |
| Sullivan | 1,433 | 1 |
| Tioga | 140 | 1 |
| Tompkins | 173 | 0 |
| Ulster | 1,742 | 1 |
| Warren | 257 | 0 |
| Washington | 243 | 0 |
| Wayne | 134 | 1 |
| Westchester | 34,358 | 31 |
| Wyoming | 93 | 1 |
| Yates | 40 | 0 |

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
 Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)